

Seremoni pou reangaje nan sèvis yo ak benediksyon pou Layik nan legliz la

Aprè prèch la, kire ap fè kongregasyon an konnen yo pral kòmanse seremoni reangajman an e li pral rele tout layik angaje nan yon travay nan legliz la pa non yo e sèvis y ap fè a.

Kire: Pa apèl batèm ou, ou bay tèt ou pou sèvi Legliz la nan travay Bondye a. Eske ou aksepte pou rete fidèl a Levanjil la e ansèyman Legliz nan ministè w ak nan lavi w?

Kandida: Nou/mwen dakò.

Kire: Eske ou pwomèt pou w sèvi ak imilite, entegrite, renmen ak devosyon, pèseverans nan lapriyè pandan w ap travay ak jistis.

Kandida: Nou/mwen dakò.

Kire: Eske ou pwomèt pou ou sèvi kominote pawas la nan kolaborasyon ak lafwa, espwa e renmen?

Kandida: Nou/mwen dakò.

Kire: An nou lapriyè

Dye Toupwisan, ou ki bay tout bon kado, nou fè louanj ou e nou di w mèsi pou tout kalite ladrès ak talan ou ba pitit gason ak pitit fi ou yo pou bati wayom ou an sou latè a. Nou fè louanj pou kado Lespri w enspire sèvitè w yo, e yo menm, fè yo mete yo nan sèvis legliz la.

Nou mande w, Granmèt, pou beni angajman yo pou sèvi, kote yo te pwomèt nan kè yo ak nan travay yo. Renouvle dedikasyon yo a mesaj Levanjil la e ba yo kado

Lespri Sen w pou yo jwenn pouvwa pou fè travay yo. Fè angajman ak dedikasyon yo pote fwi O non Kris Granmèt la.

Tout moun: Amen

Kire ap aspèje moun devan li yo ak dlo benit e di:

Nou mande w, Granmèt, beni moun sa yo ki reponn a apèl batèm yo pou sèvi e enspire yo pou yo tankou kris nan sèvis yo ak lòt moun. Nan bay tèt nou e angajman nou pou nou sèvi, legliz la, pawas nou yo ak dyosèz la vin anrichi, e nou di nou tout mèsèsi.

**Kire ap envite kongregasyon pou eksprime gratitud ak sipò yo...
Answit li pral voye tout moun yo tounen nan ban yo, mès la ap koninye nòmman.**